



## Depatman Lajistis Etazini

### Divizyon Dwa Sivil

*Pwokirè Jeneral Adjwen  
950 Pennsylvania Ave, NW - RFK  
Washington, DC 20530*

### **Deklarasyon Pwokirè Jeneral Adjwen pou Dwa Sivil yo, Eric S. Dreiband Pwoteje Dwa Sivil yo Pandan Repons pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19) lan**

Kont teni de Ijans Sante Piblik la konsènan maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) lan, Divizyon Dwa Sivil nan Depatman Lajistis Etazini apibliye deklarasyon sa a pou asire viktim diskriminasyon ilegal yo konnen kikote pou yo adrese lè yo vyole dwa sivil yo.

Diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, relijyon, orijin nasyonal, andikap, ak lòt klas pwoteje yo ilegal dapre plizyè lwa federal epi li ka lakòz responsablite penal oswa sivil. Gade, egzanp nan, <https://www.justice.gov/crt/page/file/921291/download>. Anplis, zak vyolan rayisman ki baze sou sa yo ak lòt klas pwoteje yo vyole lwa federal sou krim rayisman. Gade, egzanp nan, <https://www.justice.gov/crt/hate-crime-laws>. Diskriminasyon ka fèt nan anpil kontèks diferan, sa gen ladan edikasyon, travay, sante ak sekirite, lojman, ak andwa enstalasyon piblik yo.

Pandan repons mondyal kont pandemi COVID-19 lan ap kontinye, Depatman an ap rete vijilan nan ranfòsman lwa sou dwa sivil yo. Nou dwe garanti laperèz ak prejije pa limite aksè nan lojman, lekòl, avantaj sosyal, sèvis, travay, ak enfòmasyon, nan pami anpil lòt bagay, akòz ras, sèks, relijyon, orijin nasyonal, andikap, oswa lòt klas pwoteje yo. Anplis, aksè nan enfòmasyon egzat sou ijans ak sante enpòtan anpil pou bay tout moun kapasite pou yo pran desizyon apre bon enfòmasyon ak pou pwoteje tèt yo, fanmi yo, ak tout kominote a.

**Li enpòtan pou nou tout travay ansanm pou lite kont diskriminasyon ilegal, tankou zak vyolans oswa menas ki baze sou klas pwoteje yo.** Tankou nan tout ijans, epidemi COVID-19 lan te afekte moun anpil ras, relijyon, ak gwoup etnik diferan, ansanm ak moun ki gen andikap yo. Epitou, diskriminasyon ilegal ka dekouraje moun yo prezante pou chèche tretman oswa enfòmasyon. **Lwa yo ki entèdi konpòtman diskriminasyon ilegal dwe aplike epi pral aplike ak tout fòs.**

**Si ou kwè ou se yon viktim diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, relijyon, orijin nasyonal, andikap, oswa lòt klas pwoteje yo, ou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou fè yon plent nan <https://www.justice.gov/crt/how-file-complaint> ak <https://www.justice.gov/crt/fcs>. Ou ka depoze plent pou diskriminasyon nan travay devan EEOC nan <https://www.eeoc.gov/employees/charge.cfm>. Ou ka kontakte Divizyon Dwa Sivil la tou nan nimewo telefòn apèl gratis 855-856-1247 oswa 202-514-3827. Anplis, Divizyon an bay resous nan <https://www.ada.gov> (sijè anrapò ak andikap) ak <https://www.lep.gov> (enfòmasyon sou aksè nan lang).**

**Si ou gen enfòmasyon konsènan zak vyolans oswa menas ki komèt akòz ras, sèks, relijyon, orijin nasyonal, andikap, oswa lòt klas pwoteje yo, tanpri kontakte biwo lokal FBI ou. Ou ka jwenn yon lis biwo rejyonal yo nan <https://www.fbi.gov/contact-us/field-offices>.**

Divizyon Dwa Sivil nan Depatman Lajistis Etazini, ansanm ak lòt ajans nan tout gouvènman federal la, ap kontinye siveye kesyon dwa sivil ki gen rapò ak COVID-19 lan. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade nan [www.justice.gov/crt/fcs](http://www.justice.gov/crt/fcs). Gen plis enfòmasyon sou repons gouvènman federal la pou COVID-19 ki disponib nan sitwèb [Mezon Blanch The White House: Gid Kowonaviris pou Amerika](https://www.whitehouse.gov/guidance/coronavirus) ak [www.coronavirus.gov](http://www.coronavirus.gov).

*Dokiman oryantasyon yo pa obligatwa epi yo pa gen fòs ak efè lalwa, sòf si lalwa otorize sa aklè oswa yo entegre aklè nan yon kontra, sibvansyon, oswa yon akò koperasyon. Konfòmeman ak Dekrè Egzekitif 13891 lan ak Biwo Jesyon ak Bidjè pou mete memorandòm ann aplikasyon, Depatman an p ap site, itilize, ni apiye sou okenn dokiman oryantasyon ki pa aksesib nan pòtay oryantasyon Depatman an, oswa pòtay oryantasyon menm jan pou lòt depatman ak ajans Pouvwa Egzekitif la, sòf pou etabli reyalite istorik. Nan mezi kote yon dokiman oryantasyon fikse nòm volontè (pa egzanp, pratik ki rekòmande yo), konfòmite avèk nòm sa yo fèt volontèman, epi non-konfòmite p ap lakòz mezi pou ranfòsman. Dokiman oryantasyon yo ka anile oswa modifeye dapre sèl desizyon Depatman an, konfòmeman ak lwa aplikab yo.*